

Nan ka diskriminasyon nan travay, rekou yo kapab genyen chanjman nan règ ak/oubyen pratik; rapèl salè ak enterè oubyen benefis moun nan te pèdi akòz de pratik diskriminasyon ; ak/oubyen konpansasyon pou detrès emosyonèl.

APÈL

Si anketè a twouve ke pa genyen yon kòz posib ke diskriminasyon ilegal te pase, Pleyan an genyen swasant (60) jou pou fè apèl kont desizyon sa a bay Kou Siprèm Eta Nouyòk la.

Ni Pleyan an ak Defandè a kapab fè apèl kont Lòd Komisè a avan swasant (60) jou pou fè apèl kont Lòd Komisè sa a bay Kou Siprèm Eta Nouyòk la.

The Bronx

One Fordham Plaza, 4th Floor
Bronx, NY 10458
Tel: (718) 741-8400

Albany

Agency Building 1, 2nd Floor
Empire State Plaza
Albany, NY 12220
Tel: (518) 474-2705 (or 2707)

Binghamton

44 Hawley St., Room 603
Binghamton, NY 13901
Tel: (607) 721-8467

Brooklyn

55 Hanson Place, Room 304
Brooklyn, NY 11217
Tel: (718) 722-2385

Buffalo

Main Place Tower
350 Main Street, Suite 1000B
Buffalo, NY 14202
Tel: (716) 847-7632

Long Island (Suffolk)

250 Vet. Memorial Hwy., Suite 2B-49
Hauppauge, NY 11788
Tel: (631) 952-6434

Long Island (Nassau)

50 Clinton Street, Ste. 301
Hempstead, NY 11550
Tel: (516) 539-6848

Manhattan

163 West 125th Street, 4th Floor
New York, NY 10027
Tel: (212) 961-8650

Office of Sexual Harassment Issues

55 Hanson Place, Room 900
Brooklyn, NY 11217
Tel: (718) 722-2060

Rochester

One Monroe Square,
259 Monroe Ave., Suite 308
Rochester, NY 14607
Tel: (585) 238-8250

Syracuse

333 East Washington St., Room 543
Syracuse, NY 13202
Tel: (315) 428-4633

White Plains

Tel: (914) 989-3120



**Division of
Human Rights**

**Lwa Sou Dwa
Moun ak
Divizyon Dwa
Moun
Eta Nouyòk**

**ONE FORDHAM PLAZA
BRONX, NEW YORK 10458
888-392-3644
TTY: 718-741-8300
DHR.NY.GOV**

LWA SOU DWA MOUN

An 1945, Lejislati Eta New York la te adopte sa ki te premye lwa sou dwa sivil eta nan peyi a. Lwa sa a - ke yo rele Lwa sou Dwa Moun (« Lwa ») - entèdi yo fè diskriminasyon nan travay, lojman, kredi, espas akomodasyon piblik, volontè pou batay kont dife ak enstitisyon akademik.

Divizyon dwa moun nan envestige plent moun depoze poutèt diskriminasyon ki baze sou :

- Laj
- Dosye Arestasyon, avèk dosye jèn delenkan oubyen dosye kondanasyon ki sele ladan yo
- Dosye Kondanasyon
- Kwayans / Relijyon
- Andikap
- Eitati Viktim Vyolans Domestik
- Eta Sivil
- Pre-dispozisyon Karakteristik Jenetik
- Sitiyasyon Familyal
- Sitiyasyon Militè
- Orijin Nasyonal
- Ras/Koulè
- Vanjans
- Sèks
- Preferans Seksyèl
- Kondisyon ki gen rapò ak gwosès
- Eitati Sitwayènte oswa Imigrasyon
- Idantite oswa ekspresyon sèks
- Sous Revni Legal (nan lojman sèlman).

Epi, si ou kwè yo te fè diskriminasyon kont ou akòz de youn nan distenksyon oubyen karakteristik sa yo, ou kapab genyen yon plent valab akòz diskriminasyon ilegal.

Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk (« DHR » oswa « Divizyon ») mete lwa enpòtan sa a ann

aplikasyon pou abitan Eta Nouyòk yo, san limitasyon a lis ki annapre a, nan ankèt, odyans ak rezolisyon plent moun pote kont prezime diskriminatè yo.

KIJAN POU POTE PLENT KONT DISKRIMINASYON

Lè plent ou a fin anrejistre, yo pral mete yon envestigatè pou envestige plent ou a. Sa kapab fèt pa korespondans ekri, konvèsasyon telefòn, vizit kote ou di diskriminasyon prezime an te fèt la, konferans pou jwenn enfòmasyon oubyen yon melanj metòd sa yo.

Tanpri sonje, wòl yon anketè se pou envestige enfòmasyon nan ka ou a. Anketè a pa ka ba ou konsèy legal oubyen aji tankou avoka oubyen reprezantan ou. Divizyon an pap ba ou yon avoka oubyen reprezantan pandan pwosesis ankèt an.

POU ZAK KI GENYEN ANVAN 2/15/2024, ou dwe depoze plent ou nan yon ane apre dènye zak diskriminasyon swadizan an. Si yo te revoke w, ou dwe ranpli nan yon ane apre dat yo te fè w konnen w t ap revoke.

POU ZAK KI TE GENYEN OU APRÈ 2/15/2024, ou dwe depoze plent ou nan twazan apre dènye zak diskriminasyon swadizan an. Si yo te revoke w, ou dwe ranpli twazan apre dat yo te fè w konnen w t ap revoke w.

Si ou ta renmen depoze yon plent ak Divizyon an - poukont ou oubyen ak yon avoka - ou kapab fè sa nan youn nan fason sa yo :

— Vizite sitwèb Divizyon an, nan DHR.NY.GOV, epi telechaje yon fòmilè plent. Ranpli li jan yo di a, siyen li devan yon notè piblik, epi

retounen li nan biwo Divizyon Bronx la (pa lapòs oubyen an pèsòn), nan adrès ki nan lis nen fen ti liv sa a ;*

— Vizite biwo Divizyon Bronx la oubyen youn nan biwo rejyonal yo ki nan lis nan fen ti liv sa a

pou depoze yon plent an pèsòn; oubyen

— Kontakte youn nan biwo rejyonal Divizyon an, pa telefòn oubyen pa lapòs, pou jwenn yon fòmilè plent ak/oubyen lòt asistans pou ranpli yon fòmilè.

Yo rele yon moun ki depoze yon plent kont diskriminasyon yon « Pleyan » ak prezime diskriminatè a yon « Defandè ».

ODYANS ADMINISTRATIF LA

Si envestigatè a detèmine genyen kòz posib ke ou te ka oswa ou se viktim diskriminasyon ilegal, zafè a pral kontinye nan pwosesis odyans administratif la. Yon odyans administratif prèske menm bagay ak yon pwosès nan tribinal.

Yon Jij Lalwa Administratif pral dirije odyans la dapre afimasyon yo ki nan plent ou a. Nan odyans sa a, tou de bò yo pral kapab prezante prèv pou soutni pozisyon yo.

Malgre ke odyans la se yon pwosesis fòmèl, ou pap bezwen pwòp avoka ou pou reprezante ou pandan pwosesis sa a. Divizyon an pral ba ou yon avoka oubyen yon lòt ajan pou prezante ka a yon fason pou defann plent ou a. Sèvis sa a gratis. Sepandan, ou kapab genyen pwòp avoka ou pou reprezante w, si ou vle.

LÒD KOMISÈ

Aprè odyans la epi selon prèv yo prezante nan odyans la, Jij Lalwa Administratif ki responsab ka ou a pral pase yon lòd rekòmande, pou konseye pati yo ak Komisè a kòman li panse yo dwe rezoud ka a — sa vle di, nan favè Pleyan an oubyen nan favè Defandè a. Sa a rele Lòd Rekòmande Jij Lalwa Administratif la.

Komisè a pral revize afimasyon, prèv, ak Lòd Rekòmande Jij Lalwa Administratif la epi pase yon Lòd Komisè final. Si Lòd Komisè a nan favè Pleyan an, Lòd la pral espesifye yon rekou.